

Suta Kasedhihan Ngambang Ing Netraku

Dening: *Dwi Endah Ni'matul Amalia*



Ing tlatah tebih menika

Suta kasedhihan taksih mular

Nyuwun tulung lan pandonga

Nglampahi wektu ingkang maha susah

J alma tanpa panggalih kadosa sima

Nyerang suta tan gadhah dosa

Tan luput didamel sangsaya

Banjir luh, banjir rekasa

Salirane klebes dening lara

Netraku boten nir saka dhuhkita

Mugi sagara ngelemaken sedoyo sungkawa

Donya menahi sedoyo tawa

Lan akasa menahi panerangan



Aywa Sembrana Ing Kalbu

Dening: *Dyajeng Aulia Sakinah*

Ing kana aku lungguh dewekan

Lungguh ana ing padonan

Ana lemur kang nguri-uri kahanan

Nalika kartika sumebyar

Nanging kalbuku ambyar

Sayah jero saya lara

Kasulayan kalbu kang sangsara

Sanajan ora kena manggon ing kana

Tumuwuh ana ing pikiran

Merga kalbu kang nestapa

Gegayuhan mokal kedadeyan

Lalandhep ing pangeksi

Simakana semanging kalbu

Lila tak lakoni

Yeku dalane kasidan

Damar Panguripan

Dening: *Ika Yaskur Aesy*



Damar kang sampun pejah

Kados jagad pun ical masane

Iku pratandha ing pungkasan crita iki

Damar panguripan iki pun telas lisahe

Iku tandhane sampun dugi wektune

Ngarep-ngarep saged wangsulake wektu

Waktu ingkang miyen disia siaken

Saniki mboten saged diulang malih

Dumugi ing sawijining wektu

Jalma mlayu-mlayu tanpa arah

Wiyati Walang Ati

Dening: *Suci Rahmawati*



Sun nyawang tawang

Kok buthek, apa diubek?

Kok sliwer, apa dileler?

Aneng ngambyah-ambyah

Jaran adih ngebul

Rudita sliraku

Polusine umbul-umbul

Apa janma walang ati?

Apa kudu kewan sing nastiti?

Aduh gusti

Mula jaga pratala

Tan usah antya

Kanggo atma kang luwih raharja

